# ZIMBABWE SCHOOL EXAMINATIONS COUNCIL
**General Certificate of Education Ordinary Level**

## SHONA LANGUAGE 4007/2
PAPER 2: Mashandisirwo eMutauro, Misambo yeMutauro neMaumbirwo eMutauro

**JUNE 2023 SESSION** Maawa maviri

Additional materials:
Answer paper

**NGUVA:** Maawa maviri

**RAYIRO KUVANYORI VEBVUNZO**

Uchapiwa mapepa okunyorera mhinduro dzako.

Nyora zita rako, nhamba yenzvimbo yauri kunyorera nenhamba yako yawakapiwa somunyori papepa roga roga remhinduro rawashandisa.

Pindura mibvunzo misere chete.

Ukashandisa mapepa anodarika rimwe, asunganidze pamwe chete.

**ZIVISO KUVANYORI VEBVUNZO**

Zvibodzwa zvakapiwa muzvikomberedzo izvi ( ) pamagumo pechidimbu chemubvunzo, uye izvi [ ] panoperera mubvunzo woga woga.

**Bvunzo ino yakanyorerwa pamapeji matanhatu nemaviri asina chinhu.**

Copyright: Zimbabwe School Examinations Council, J2023.

© ZIMSEC J2023

[Enda kuseri

FiloKin Edu | The wise learn together | Downloaded for FREE from www.kizitochikuni.com

## CHIKAMU I : MASHANDISIRWO OMUTAURO

**Pindura mibvunzo yose muchikamu chino.**

1. Sarudza fananidzo **shanu** chete kubva pane dzinotevera ugodzishandisa muzvirevo zvinoburitsa zvadzinoreva.

(a) sekatsi negonzo (1)

(b) sechapungu (1)

(c) seegudo (1)

(d) senyoka yapinda mumba (1)

(e) somuramba uri mumvura (1)

(f) kunge mvura yeguvi (1)

(g) sedombo (1)

[5]

2. Kubva muzvirevo zvinotevera nyurura tsumo chete.

(a) Vatove tsika nditsikewo. (1)

(b) Mwana ijira rinofukwa nevanhu vose. (1)

(c) Mudzimai wake imharapatsetsetse inoshura. (1)

(d) Badza guru ipa murimi kuripa tsimbe inovata naro. (1)

(e) Hari isina mukuchidziri haiviri. (1)

(f) Kudya magaka mambishi neminzwa yawo. (1)

(g) Dzaive nhungo ndidzo dzakapfiririswa imba. (1)

(h) Kukurukura hunge wapotswa. (1)

(i) Kubakisa mvuto kunoda varidzi vayo. (1)

(j) Moyo wakachena semwedzi wechirimo. (1)

[5]

FiloKin Edu | The wise learn together. | Downloaded for FREE from www.kizitochikuni.com



© Zimsec 2023

**3.** Tsanangura zvinorehwa nemadimikira anotevera. Sarudza **mashanu** chete.

**Muenzaniso:** Zindakupa zindakutorera

**Mhinduro:** Kupa chinhu kune munhu wotora pakarepo.

(a) Ngaisiye matambo. (1)

(b) Pasi pamera ziso. (1)

(c) Pasi parohwa nezamu rebere. (1)

(d) kudya zvemarema (1)

(e) kurara dzedanda (1)

(f) kurembedza miromo (1)

(g) tsika dzine maburi (1)

[5]

**4.** Kubva panyaudzosingwi dzinotevera, sarudza **shanu** chete ugopa nyaudzosingwi inopikisana kana kuti inorandurana nayo. Ita izvi uchitevedzera muenzaniso uri pazasi.

**Nyaudzosingwi:** simu
**Mhinduro:** go

(a) tsva-a (1)

(b) nyengu (1)

(c) kudubu (1)

(d) mhidzu (1)

(e) bhururu (1)

(f) vhu-u (1)

(g) pamu (1)

[5]

FiloKin Edu | The wise learn together. | Downloaded for FREE from www.kisitachikuni.com

## CHIKAMU II : MISAMBO YEMUTAURO

Pindura mubvunzo unotevera.

5. (a) Verenga ndima iyi ugopindura mibvunzo inoitevera.

Gamuchirai akasvika pamba paVaMawire mangwanani achida kuvaona sezvo akange ari munin'ina wemudzimai waVaMawire. Akasvikoti, "Tisvikeiwo pano! Pane vanhu here?" VaMawire vakati, "Titambire mudzimai wangu. Ko, kurova kudai kwakanaka here?" Gamu akadavira achiti, "Kwakanaka hako, iye murume wacho asingatombozivi kuti kune mudzimai." Vakakwazisana, ndokubatana maoko vogara zvavo pasi. VaMawire vakazoti," Kuuya kwenyu magona mai mwana nekuti mave kutobva mapinda panyanga nhasi." Gamuchirai akabva ati, "Ndibvirei pano! Mave kutoona ndiri Mai Mawire here imi, matotanga." VaMawire vakapindura vachiti, "Heya, uchandifunga ini washaya anokutora. Dai watouya kuzobatsirana nemukoma wako." Achinyemwerera Gamu akati, "Ndogoshaya nei, kuti varume vapera here munyika? Kana vakanzi vapera ndosva ndagara ndega iwee pane kuuya pano, ndinyarire kupi? Ndawanikwa neharahwa yakadai?"

(i) Doma musambo uri kubuda mundima iyi. (1)

(ii) Vanhu vane hukama hupi vari kuita musambo uyu? (2)

(iii) Ipa matauriro kana maitiro matatu anokodzerana nemusambo uyu. (3)

(iv) Ipa zviviri zvakakoshera musambo uyu. (2)

(v) Doma zviviri zvinotsaudzirwa nevane ukama huri mumusambo uyu, izvo zvinoguma zvoipisa musambo uyu kune vanoona. (2)

[10]

## CHIKAMU III : MAUMBIRWO EMUTAURO

Pindura mibvunzo **mitatu** chete muchikamu chino.

6. Verenga zvirevo zvinotevera ugopindura mibvunzo iri pazasi.

(i) Mudzidzisi uye aigara achiudza vana nezvekukosha kwedzidzo.

(ii) Tawanda mukomana mutsvuku.

(iii) Baba vakaenda vomene kundoona mwana kuchipatara.

(iv) Rimwe zuva ndichaenda kuHarare kunoona sekuru.

FiloKin Edu | The wise learn together. | Downloaded for FREE from www.kizitochikuni.com



© Zimsec 2023

(v) Motokari iyo ndeyangu.

(a) Nyurura zvidudziramazita zvose zviri muzvirevo zvawaverenga pamusoro ugodoma mazita azvo. (5)

(b) Tsanangura mabasa ezvidudziramazita zvawanyora mu(a) uchipa mienzaniso. (5)

[10]

7. (a) Ratidza mipanda yemazita anotevera.

chana
vanhu
kuseka
mugwagwa
chari
vamwene
kumusha
mumba

(4)

(b) Tsanangura uchipa mienzaniso zvikonzero zvinoita kuti mazita ari mu(a) ane zvivakashure zvakaita sokufanana apinde mumipanda yakasiyana. (6)

[10]

8. Doma zita rechidudzirachiito chakatarwa mutsetse pasi kubva pazvirevo zvinotevera.

(a) Chitunha chasvika <u>husiku</u>. (1)

(b) Akaenda <u>kuAmerica</u>. (1)

(c) Nyama yakadyiwa <u>nembwa</u>. (1)

(d) Mwana akatemwa <u>nedombo</u>. (1)

(e) Vakatenderera Masvingo eJeriko <u>kanomwe</u>. (1)

(f) Madomasi anonetsa <u>muchando</u>. (1)

(g) Mbudzi dzakadyiwa <u>nebere</u>. (1)

(h) Huku dzinogara <u>nehanga</u> muzumbu. (1)

(i) Muzukuru airoya <u>sambuya</u> vake. (1)

FiloKin Edu | The wise learn together | Downloaded for FREE from www.kizitochikuni.com

(j) Akatemwa <u>nedemo</u> mugotsi. (1)

[10]

**9.** Verenga ndima inotevera ugopindura mibvunzo iri pazasi payo.

Muchineripi neshamwari dzake vakasungira Manzuma pamuti ndokukama mukaka. Vapedza kukama, vakaedza kuisungunura. Mhou iya yakaviruka nehasha ndokudambura gasho. Yakatanga kudzingirira vakomana vaya ichipupa furo. Shamwari dzaMuchineripi dzakamhanyisa dzikamusiya. Akasara akatungwa nechepamusana ndokubva adonha pasi.

(a) Nyurura zviito zvishanu zvakarebeswa kubva mundima. (5)

(b) Pachiito chega chega, taridza rebeso yacho uye mhando yayo. (5)

**Muenzaniso**

| | | |
|---|---|---|
| Chiito | : | nyorera |
| Rebeso | : | -er- |
| Mhando | : | yokuitira |

(5)

[10]

**10.** Ongorora mazwi anotevera ugopindura mibvunzo iri pazasi.

| | | | |
|---|---|---|---|
| ndoga | vaye | rimwe | zvipi |
| chii | ivo | ini | zvomene |

(a) Ronga manzwi ari muchikwata chimwe chete pawo oga. Ita izvi kusvikira wapedza ose. (4)

(b) Pazvikwata zvawanyora pamusoro, sarudza zvikwata zvitatu utsanangure basa remanzwi ari muzvikwata zvawasarudza. Ipa mienzaniso. (6)

[10]



© Zimsec 2023

FiloKit Edu | The wise learn together. | Downloaded for FREE from www.kizitochikuni.com